



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE RESTORASYON KONPLÈ AK REDEVLOPMAN  
VICTORIA THEATER ISTORIK HARLEM LAN**

*Teyat la gen ladan de nouvo espas fleksib pou atizay espektak ki jere pa Apollo  
Theatre Foundation*

*Re-ouvèti a reprezante yon pyès mètrès final pou yon devlopman ki pi laj ak pou  
itilizasyon miks sou plan kiltirèl, rezidansyèl, otelri, ak vant an detay k ap kreye  
plis pase 350 djòb pèmanan*

*Foto Teyat la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a reouvèti Teyat Victoria (Victoria Theater) istorik la apre yon vas restorasyon, ki dire yon deseni, ki te retounen grandè nan moniman istorik Harlem lan ki gen yon syèk. Seremoni koupe riban jodi a devwale ofisyèlman pyès mètrès atizay kiltirèl yon pwojè re-devlopman komèsyal ak rezidansyèl ki pi laj pou itilizasyon miks ki dirije Eta a nan sit 125th Street nan Manhattan, ki gen ladan konstriksyon prèske 200 inite lojman, plis pase 100 ladan yo abòdab, ak yon otèl 211 chanm - premye otèl sèvis konplè ki te ouvri nan Harlem nan prèske yon syèk ak bilding ki pi wo nan nò Central Park. Eleman kiltirèl la, Apollo Stages nan Victoria Theatre, gen de nouvo espas espektak ak yon kapasite konbine ki gen prèske 300 syèj, ki pral jere pa lejand Fondasyon Teyat Apollo (Apollo Theater Foundation), ke sit moniman istorik li a sitiye sou menm blòk ak Victoria a.

"Youn nan jwayo istorik Harlem yo ap klere yon fason ki pi briye jodi a gras ak investisman Eta New York nan restorasyon li ki rive anreta ke li te merite anpil", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Victoria Theater se pa sèlman yon senbòl grandè pase nan Harlem, men tou se yon temwayaj dinmik aktyèl li, ak yon garanti ke katye lejand New York sa a pral kontinye rete yon fòs kiltirèl – epi ak sipò Apollo a – li pral lanse karyè kèk nan atis ak pèfòmè ki gen plis talan nan mond lan."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Reouvèti Victoria Theater – ak pwojè revitalizasyon ki pi laj pou itilizasyon miks lan – prepare teren an pou renesans kontinyèl Harlem kòm yon destinasyon kiltirèl ki renome nan mond lan ki atire vizitè atravè mond lan. Pwojè sa a te itilize eritaj istorik Harlem ak siksè epi transfòme li an yon devlopman modèn, dinamik, k

ap pwospere ki pral estimile kreyasyon djòb lokal ak kwasans ekonomik sou 125th Street pou ane k ap vini yo."

Investisman Eta New York nan restorasyon Victoria Theater te asire ke li te kenbe karakteristik diferan li yo, tankou fasad 125th Street li a, antre prensipal, ansèy lam vètikal, chapito eklere, kontwa tikè, salon, ak fwaye. Gwoup la pral loje ekspozisyon edikasyon kontinyèl k ap fè pwomosyon istwa Teyat la ak wòl li kòm yon pati nan "Ranje Opera" Harlem lan.

Lansman The Apollo Stages nan The Victoria elaji eritaj, prestij, ak eksperyans pwogram nan Apollo Theatre ki pi popilè nan mond lan nan yon nouvo kay nan 125th Street. Espas kiltirèl 27,000 pye kare Victoria a gen ladan de nouvo lokal, ki ajoute 300 syèj adisyonèl pou espektak ki baze sou Harlem ak òf atistik ki gen yon seri vwa divèsifye, ki gen ladan atis lokal yo, kolektif atis, ak òganizasyon atistik piti ak mwayen ki baze nan Harlem ak NYC. Zòn kiltirèl pwojè a gen ladan tou sal dèyè, repetisyon, galeri, ak espas biwo pou Apollo ak lòt òganizasyon kiltirèl yo, ki pral posede pa Harlem Community Development Corporation, yon filyal Empire State Development.

Apollo Stages nan Victoria Theatre ap planifye yon pwogram vaste ki priyorize aksè ak kominote a, ak opòtinite pou sibvansyon tikè, opsyon pou lokasyon teyat, ak pwogram enkibatè atis, ansanm ak envesti nan mendèv lokal la pou opòtinite travay nan etablisman an.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Apollo a, Michelle Ebanks, te deklare,** "Pandan Apollo ap selebre 90yèm ane li a, ouvèti nouvo Apollo Stages la nan Victoria Theatre siyifi kòmansman yon nouvo epòk pou nou. Avèk de nouvo teyat, nou kapab elaji opòtinite atistik nan kominote a, men tou, wòl nou jwe isit la pou atis yo ansanm ak odyans lan. Nou kontan pou nou ranfòse sipò nou bay atis ak òganizasyon yo nan Harlem ak atravè New York pandan n ap agrandi misyon nou pou anplifye vwa Nwa yo ak opòtinite pou pwochèn jenerasyon kreyatif koulè yo."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)